



NYC Housing Recovery
212-615-8329
housing@recovery.nyc.gov
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

F1

AVI AK REKONESANS SOU DISPONIBILITE LIMITE FINANSMAN

Tout benefis Pwogram Build it Back lan te prevwa sijè anba epi depann de disponibilite fon CDBG-DR yo ki prevwa selon Lwa Piblik Etazini 113-2 (29 janvye 2013), epi se Depatman Lojman ak Devlopman Imen Lezetazini (U.S. Department of Housing and Urban Development “HUD”) ki alwe yo bay Pwogram lan a travè Biwo NYC pou Gestyon ak Bidjè (NYC Office of Budget and Management), anplis de egzijans lwa federal, Eta ak local yo, epi politik ak direktiv pwogram la yo. Genyen posibilite pou se pa tout moun ki fè demand epi ki elijib ki pral resevwa benefis aba Pwogram lan. Moun ki fè demand yo dwe konsyan epi konnen menm si yo konsidere kòm elijib pou resevwa benefis anba Pwogram lan, benefis sa yo ap disponib pou yo distribye yo sèlman si fon yo disponib.

Lè ou siyen papye sa a, se kòm si ou di ou rekonèt pa gen garanti pou ou resevwa benefis epi se pa dwa ou genyen sou benefis sa yo. Vil New York lan kapab fèmen Pwogram Build it Back lan epi tout benefis yo distribye a travè pwogram lan nan nenpòt moman, avèk oubyen san avi alavans.

Mwenmenm ki siyen pi ba la a, rekonèt mwen li Avi sa a avèk atansyon, epi map deklare mwen konprann sa li gen ladan l epi map siyen li de pwòp volonte pam.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyete (Ekri an Lèt Detache)

Siyati

Dat